दिन–गुरूवार दिनांक–06.02.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अपन लोकप्रिय संवाद कार्यक्रम मे परीक्षा पे चर्चाक नवम संस्करणक दरमियान विद्यार्थी सभ सँ गपशप कयलनि। एक वीडियो में प्रधानमंत्री परीक्षाक दरमियान तनाव आ चिंता सँ निबटबाक तरीका सभ पर छात्र लोकनि के संबोधित कयलनि। श्री मोदी छात्र सभ के अपन स्वयं के अनोखा शिक्षण तरीका सभ पर भरोस रखबाक सलाह देलनि। ओ कहलनि जे प्रत्येक छात्रक अपन एक अलग शैली होइत अछि आ हुनका अपन तैयारीक तरीका पर पूरा विश्वास रखबाक चाही। श्री मोदी विद्यार्थी सभ सँ शिक्षक, अभिभावक आ मार्गदर्शक द्वारा देल गेल सुझाव सभ के ध्यान सँ सुनबा आ ओहि के गहराई सँ बुझवा पर जोर देलनि जे मात्र नहिं अपितु जीवनक होएबाक चाही।

प्रधानमंत्री शिक्षक लोकनि के प्रत्येक छात्रक सीखबाक गति के प्रति संवेदनशील रहबाक सलाह देलनि। श्री मोदी कहलनि जे अंतिम लक्ष्य मात्र अंक नहि अपितु जीवनक संपूर्ण आ सर्वांगीण विकास होयबाक चाही। शिक्षामंत्री धर्मेन्द्र प्रधान कहलनि जे परीक्षा पे चर्चा विभिन्न आयु वर्गक करोड़ों छात्र के प्रेरित करैत अछि। नव दिल्ली मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री प्रधान कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक संग संवाद सँ छात्र सभक आत्मविश्वास बढैत अछि।

---

बिहार विधानसभाक कार्यवाही सुचारू रूपें चलल। प्रश्नोत्तर काल मे भाजपा विधायक राघवेन्द्र प्रताप सिंह के एक पूरक के उत्तर मे उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे विधायक आ विधान पार्षद सभ के कैशलेस इलाजक सुविधा भेटत। ओ जनौलनि जे एकर अंतर्गत विधायक, विधान पार्षद सेहो अओताह। एक आन प्रश्नक उत्तर मे उपमुख्यमंत्री कहलनि जे राज्य मे आब पब्लिक प्राइवेट पार्टनरशिप मोड मे मेडिकल कॉलेज अस्पताल बनत। ओ सदन के जनौलनि जे सरकारी चिकित्सक सभ के निजी प्रैक्टिस पर रोक लगेबाक लेल शीघ्रहि नीति आनल जायत। विधानसभा मे भोजनावकाशक बाद वित्तीय वर्ष दू हजार छब्बीस–सत्ताईसक बजट पर चर्चा भेल। एम्हर, विधान परिषद मे आजुक कार्यवाही शांतिपूर्ण

ढंग सँ चलल। प्रश्नोत्तरकालक दरमियान शिक्षा मंत्री सुनील कुमार जदयूक संजीव कुमार सिंह के एक तारांकित प्रश्नक उत्तर दैत कहलनि जे सरकार मदरसा आ संस्कृत विद्यालयक शिक्षक सभ के राज्यकर्मीक दर्जा देबा पर विचार करत। ओतहि विधानमंडल परिसर मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री कुमार कहलनि जे चतुर्थ चरणक शिक्षक नियुक्ति परीक्षाक अंतर्गत चालीस हजार पद के लेल विज्ञापन प्रकाशित कयल जायत।

————————————————————————

बिहार विधानसभाक स्थापना दिवस काल्हि मनाओल जायत। एहि अवसर पर एक व्याख्यानमालाक आयोजन कयल जा रहल अछि। विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार जनौलनि जे व्याख्यानमालाक लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला, राज्यसभाक उपसभापति हरिवंश आ संसदीय कार्यमंत्री किरेन रिजिजू संबोधित करताह।

————————————————————————

देश मे एखन धरि कुल आठ करोड़ सैंतालीस लाख सँ बेसी किसान पहचान पत्र जारी कयल गेल अछि। आइ राज्यसभा मे प्रश्नकालक दरमियान पूरक प्रश्नक उत्तर दैत कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान जनौलनि जे वर्तमान मे बिहार सहित उन्नैस राज्य मे किसान पहचान पत्र जारी कयल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे दू करोड़ नब्बे लाख किसान सभ के राष्ट्रीय फसिल बीमा पोर्टल सँ जोड़ल गेल अछि।

————————————————————————

कृषि मंत्री रामकृपाल यादव कहलनि जे राज्य सरकार किसान सभ के अंतराष्ट्रीय बाजार सँ जोड़ैत हुनक आमदनी बढेबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। श्री यादव पटनाक गांधी मैदान मे कृषि विभागक उद्यान निदेशालय द्वारा आयोजित तीन दिवसीय बागवानी महोत्सवक उद्घाटन समारोह के संबोधित कऽ रहल छलाह।

————————————————————————

सर्वोच्च न्यायालय बिहार विधानसभा चुनाव रद्द करबाक मांग करयबला जनसुराज पार्टीक याचिका के खारिज कऽ देलक अछि। मुख्य न्यायाधीश सूर्यकांत के पीठ कहलक जे

जनसुराज के पहिने हाईकोर्ट जयबाक चाही। सुनवाई के दरमियान पीठ कहलक जे जनता अहां के नकारि देलक अछि, जकर बाद अहां न्यायालयक इस्तेमाल लोकप्रियता हासिल करबा मे कऽ रहल छी।

---

अंडर नाइनटीन विश्व कप क्रिकेट फाइनल मोकाबिला मे बिहारक वैभव सूर्यवंशी शानदार प्रदर्शन कयलनि। जिम्बाब्बे के हरावे मे खेलायल जा रहल मैच मे वैभव अस्सी गेंद पर एक सय पचहत्तरि रनक ऐतिहासिक पारी खेलैलनि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ नेत्रहीन महिला टी–ट्वेंटी विश्वकपक विजेता भारतीय टीमक खेलाड़ी अनु कुमारी के हुनका तेईस लाख तैंतालीस हजार सात सय पचास टाकाक चेक आ अंगवस्त्र दऽकऽ सम्मानित कयलनि। एहि अवसर पर ओ कहलनि जे ई प्रसन्नताक गप अछि जे बिहारक एक साधारण घरक बेटी अपन मेहनत आ प्रतिभाक बल पर अंतराष्ट्रीय पहचान बनौलनि अछि।

---

समाप्त भेल।